


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Гизæли гъæуи цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ сæдæ адæймагемæй фулдæр, етæ рæстуодæй сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ сæ райгурæн гъæуи ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№22 (803) 2021 анзи 18 июнь – хорхæтæни мæйæ



Къари: Дзæуæгигъæуи онкодиспансери дохтиртæ-урологтæ ÆЛБОРТИ Сослан (галеуæрдигæй) æма ХÆСИГАТИ Алан.

Къарæ исиста Татьянæ ШЕХОДАНОВА.

### 20 ИЮНИ УÆРÆСЕЙ БÆРÆГГОНД ЦÆУЙ МЕДИЦИНОН КОСÆГИ БОН

# НÆ РЕСПУБЛИКИ ЦÆРГУТÆ УИ БОЗ ÆНЦÆ ÆМА УИН ЗÆРДИАГÆЙ АРФÆ КÆНУНЦÆ!..



Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади кадгин косгутæ!

Зæрдиагæй уин арфæ кæнун уæ профессионалон бæрæгбони – медицинон косæги Бони фæдбæл. Сумах равзурстайтæ хъæбæр ахсгиаг æма гъæугæ дæсниадæ – адæми æнæнездзийнадæ гъæуай кæнун, сæ незтæй сæ дзæбæх кæнун, зæрдрохс цардмæ сæ æздахун. Цæйбæрцæбæл агъазиау бухсундзийнадæ, разæнгарддзийнадæ, уоди гъардзийнадæ æма устур зонундзийнадæ уи агоруй дохтири куст!

Арфæ кæнæн, Цæгат Иристони медицинон косгутæн, сумах айтæ æцæг профессионалтæ, бæрнон æма дæсни специалисттæ, федарæй æнхæст кæнетæ уæ ихæс.

Аци бæнтти Уæрæсей медицинон косгутæ, уони хæццæ ба мах республики дæр, æнцæ раззæгти хæццæ, еугур адæмæн тæссаг ка 'й, уой фудбæлахи – пандемий коронавирусон инфекций – нихмæ тохи. Æнгъезуй уотæ зæгъун, æма абони сумах гъæуай кæнетæ нæ абониккон бон дæр, уæдта иссонибон дæр.

Федарæй ми æруагæс кæнуй, нæ дохтиртæ еугурæйдæр ке 'нцæ æцæг бæгъатæртæ, æма син арфæ кæнæн. Нæ республики цæргутæ уи æнцæ боз.

Аци бæрæгбони фæдбæл мæ фæндуй зæрдиагæй райарфæ кæнун, сæ хъазауатон кусти туххæй региони еугур медицинон корпусæн – сæйгæдæнтти, поликлиникити, медицинон центрти, гъæути фельдшерон пунктти дохтиртæн, медицинон хуæртæн, зелæнгæнгутæн, санитаркитæн, «Тагъд агъаз»-и хуæдтолгити шофертæ æма диспетчертæн, медицинон ахургæнæндæнтти студенттæн, волонтертæн.

Мах еумæйагæй æнæмæнгæ фæуууæлахез уодзинан æма рахездзинан зинти сæрти! Нивгун, æнæнез æма фæрнæйдзаг уотæ, Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади хъазар косгутæ!

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг.***

### НОМЕРÆН



## ФИДИБÆСТÆН ÆНОВУДÆЙ ЛÆГГАДÆ КОДТА...

Иристони разагъди лæгтæй æ адæмæн арфиагдæр хæрзти ка бацудæй, еци номдзуд адæймæгути имисгæй, уæлдай æхсицгонæй нæ зæрдæбæл, фиццаги-фиццаг, ци фарни лæгти нæмттæ æрлæууй, уонæй еу æй æхсаргин æфсæддон, рохситауæг, тæлмацгæнæг æма æхсæнадон архайæг Темурхъанти Гаврили фурт Сослан (Вано).

Æ цубур, фал берæ арфиаг гъуддæгутæй æнхæст царди Сослан, паддзахи æфсади афицер уогæй, е 'фсæддон служби æма фæстæдæр æ рохситауæн æма æхсæнадон архайди рæстæг дæр æ уоди фæгъгъæуай кодта ирон лæги еугур фæнзуйнагдæр æма бæллеццагдæр менеугутæ.

Æ еугур хъауритæй дæр архайдта нæ фидтæлти культурæ æма историон бунти хæццæ нæ адæми хуæздæр базонгæ кæнунбæл, уæдта еци хæзнатæ æмбурд æма гъæуай кæнунбæл.

Сослани рохситауæн архайдæн адтæй ахедгæ нисан ирон адæми национ хелæдæрунадæ æма уодварни ирæзти.

Темурхъанти Сосланы райгурдбæл 3 апърели исæнхæст æй авдинсæй анзи (1881-1925). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 5-7-аг фæрстæбæл.

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Коррупций нихмæ тохи фæдбæл республикон къамиси æмбурди куд амунд æрцудæй, уотемæй 2021 анзи райдайæнæй фæстæмæ слестгæнæг оргæнтæ раргом кодтонцæ, коррупцион æгъдауихæлдтитæ æма фудракæндти æууæлтæ кæми ес, уæхæн 174 цауи, арæзт æрцудæй 140 уголовон гъуддаги.***



# ЦÆГАТ КАВКАЗИ ЦÆРÆГ АДÆМТÆН ГЪÆУАМА БÆЛВУРД УА ПАДДЗАХАДИ ÆРДИГÆЙ АУОДУНАДÆ!..

РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** архайдта Цæгат Кавказы федералон зилди идарддæри социалон-экономикон райрæзти фарстати фæдбæл федералон хецауадон къамиси радон æмбурди.

Æмбурд Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустини** разамундæй арæзт æрцудæй сахар Пятигорски.

Бони фæтки фарстати фæдбæл æмбурди дзубандий архайдтонцæ Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази федералон зилди **Юрий Чайка**, федералон зилди регионти сæргълæуугутæ, федералон министрадтæ æма ведомствити бæрнон косгутæ.

Æмбурди райдайæни къамиси иуонгтæ фæннисан кодтонцæ, фиццаградон æргом ци лухкæнуйнаг фарстатæмæ раздахун гъæуй, уони. Радзубандигæнгутæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй федералон зилди еугур регионти дæр тухстаг æнцæ æгустдзийнади бæрзонд къæпхæн, донæфсесадæ æма æндæр коммуналон лæггæдти цауд уавæр, уæдта æндæр уæхæн фарстатæ. Регионти минæвæртти игъосункæнуйнæгтæмæ гæсгæ, уæхæн уавæрти æригон фæлтæри зингæ хай хуæздæр цардагор цæуй æндæр бунæттæмæ…

Еци фарстатæ ралух кæнуни нисани хæццæ фембæлди архайгутæ бахастонцæ бæлвурд фæндæнттæ, сæ гъудитæ загътонцæ федаргонд программитæ æма хецæн инвестицион проектти туххæй. Специалисттæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй, Цæгат Кавкази æрдзон æма æндæр уæхæн менеугутæ хинцгæй, райрæзти программитæ æма инвестицион проекттæ уæлдай пайдайагдæр исуодзæнæнцæ агропромышленнон комплекси, туризм æма иннæ къабæзти. Нæуæг цæмæдессаг проекттæ царди куд уагъд цæуонцæ, уотæ фулдæр кæндзæнæй хъалонфедæг кустуæтти нимæдзæ, бюджети гъомус уодзæнæй ахедгæдæр… Еци æууæлтæ ба, ке зæгъун æй гъæуй, агъаз уодзæнæнцæ, цæмæй инвестортæ фулдæр æргом æздахонцæ регионмæ.

– Нуртæккæ уæлдай вазуггиндæр æй, цæмæй Цæгат Кавкази федералон зилди регонти идарддæри социалон-экономикон райрæзтæн арæзт æрцæуа ахедгæ мадзæлттæ, экономикæ федардæр уа, цæмæй адæми царди æмвæзадæ хуæздæр кæна. Федералон зилди ци дæс миллион адæймаги цæруй, етæ гъæуама сæхебæл æнкъаронцæ паддзахади ауодундзийнадæ, гъæуама сæхе цæстæй уинонцæ, Кавкази уавæр хуæздæрæрдæмæ ке æййевуй, уой, – бафеппайдта Михаил Мишустин.

Цæгат Кавкази федералон зилди регионтæн хæстæгдæр рæстæг циуавæр агъаз лæвæрд цæудзæнæй, уой тухххæй адтæнцæ сæ радзубандитæ федералон ведомствити минæвæрттæн.

Уотæ, Уæрæсей экономикон ирæзти министр **Михаил Решетников** куд фæннисан кодта, уотемæй регионти æмвæзадæбæл тагъд рæстæги арæзт æрцæудзæнæнцæ сæрмагонд промышленнон фæзитæ. Уони бундорбæл косдзæнæнцæ минкъий æма рæстæмбес амалгъонади райрæзтæн агъазгæнæг еугур структуритæ дæр. Ведомстви разамонæги загъдмæ гæсгæ, министрадæ Цæгат Кавкази федералон зилди æнхæстгæнæг хецауади оргæнти хæццæ бакосдзæнæй райрæзти æндæр программитæбæл дæр.

Федералон ведомствитæ æма зилди регионти разамонгути докладтæн хатдзæгтæ искодта Михаил Мишустин. Хецауади Сæрдар бæлвурд амунддзийнæдтæ равардта министрадтæ æма ведомствити бæрнон косгутæн, æмбурди дзубанди ци фарстатæбæл цудæй, уонæбæл идарддæр бакосуни нисани хæццæ.

Фæстæдæр Михаил Мишустинæн сæрмагонд фембæлд адтæй Сергей Меняйлой хæццæ. Регионы разамонæг Хецауади Сæрдари æргом раздахта цалдæр цæмæдессаг инвестицион проекттæмæ. Сергей Меняйлой загъдмæ гæсгæ, проекттæ царди рауадзунæн гъæуй федералон Хецауади агъаз.

Михаил Мишустин зæрдæ байвардта, æмбурди бони фæткæмæ хаст фарстатæмæ сæрмагонд цæстдард уодзæнæй федералон Хецауади 'рдигæй. Уæрæсей Федераций премьер-министр бахаста бæлвурд фæндитæ регионти экономикон архайд фæййахедгæдæр кæнуни нисани хæццæ.

Цæгат Иристони разамонæг сæрмагондæй фæббæрæг кодта, республики социалон-экономикон ирæзти фарстатæмæ федералон Хецауади 'рдигæй лæмбунæг каст ке цæуй, уой.

– Нæ республики ахсгиагдæр проекттæ æма иннæ экономикон хъæппæрестæ æнхæст кæнуни гъуддаги, махæн алкæддæр ахсгиаг æй Уæрæсей Федераций Экономикон ирæзти министрадæ æма иннæ ведомствити еугурвæрсуг агъаз, – бафеппайдта Сергей Меняйло.

Уой тухххæй фегъосун кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.



# РÆСТУОДÆЙ АРФИАГ ФÆЛЛОЙНÆ КА КÆНУЙ, КАДИ АККАГ ДÆР Е ÆЙ!..

УÆРÆСЕЙ Бони кадæн Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло зæрдиаг арфити хæццæ кадгин хуæрзеугутæй исхуарзæнхæ кодта, айдагъ нæ республики сæрбæлтау нæ, фал, æнæгъæнæ Уæрæсей хуæрзæбонæн дæр æ уоди кæдзос фæллойни хай ка хæссуй, еци адæймæгути.

Æ арфи ба загъта: «Алли адæймаг дæр гъæуама уа сæрустур, уæхæн цитгин бæсти гражданин ке 'й, еумæйаг уæрæсейаг адæмихатт ке ан, уомæй. Берæ æнзти дæргъи ци намусгин фæллойнæ кæнетæ нæ рохс федæни фæрнугадæн, е иронх нæй. Сумах кæнетæ нæ агъазиау паддзахадæ тухгиндæр, федардæр æма рæсугъддæр уæ хуарз гъуддæгутæй, æма уин мæ зæрдæ зæгъуй, фиццагидæр, æнæнездзийнадæ, алкæддæр уæ къохи æнтæстдзийнæдтæ æфтуйæд уæ кусти бæрæггæнæнтæй. Амондгун уæд нæ бæстæ. Нур ба мин барæ раттетæ уæ намусгин фæллойнæн аргъ искæнунæн».

Паддзахадон бæрзонд хуæрзеугутæ лæвæрд æрцудæй цуппæрдæс адæймагемæн. Уонæй еу – газет «Дигори хабæрттæ»-йи сæйраг редактор **Къорнати Тамерлан** (*къари – галеуæрдигæй æртиккаг*). Исаккаг ин кодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт журналисти кадгин ном. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн еци ахсгиаг æма æхцæуæн цауи фæдбæл.

Куд редакцион коллективи разамонæг, уотæ æновудæй архайуй, цæмæй сæ куст исфæлдистадон æгъдауæй уа æнтæстгин, цæмæй райони газет дзиллæн уа зæрдæмæдзæугæ æма уарзон. Æма дин, Тамерлан, идарддæр дæр дæ арфиаг кусти де 'скъуæлхтдзийнæдтæ фулдæрæй-фулдæр кæнæнтæ!..

# ДЗИЛЛОН ВАКЦИНАЦИЙ ФÆРЦИ...



Куд иннæ уæрæсейаг регионти, уотæ Цæгат Иристони дæр идарддæр цæуй коронавируси нихмæ дзиллон вакцинаци.

Уотæ, зæгъæн, Дзæуæгигъæуи косунцæ, уæззау незы нихмæ прививкитæ искæнæн кæми ес, уæхæн сæрмагонд пункти. Етæ æрбунæттон æнцæ 1, 4-аг ама 7-аг поликлиникити, уæдта Æфсæнвæндаги сæйгæдони. Районти цæргутæ вакцинаци кæми кæнунцæ, еци бунæтти номхигъд иссерæн ес Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради официалон сайти.

Уомæй уæлдай, адæми удæнцойнæн пайдагонд цæуй вакцинацигæнæг мобилон къуæрттæй дæр. Медикти уæхæн къуæрттæ сæрмагонд фæткæмæ гæсгæ бабæрæг кæнунцæ кустуæттæ æма организацитæ, уæдта базаради центртæ æма æндæр æхсæнадон бунæттæ.

Специалисттæ идарддæр дæр сæ цæстæ дарунцæ, нури уæнгæ вакцинаци кæмæн искодтонцæ, еци адæми уавæрмæ. Дохтирти дзубандимæ гæсгæ, прививкити фæсте адæм сæхе хуарз æнкъарунцæ.

Уой хæццæ, зæгъун гъæуй, «ГамКОВИД-Вак»-æй уæлдай, республикæмæ иннæ уæрæсейаг вакцинитæ ласун ке райдæдтонцæ, уой тухххæй.

Куд раздæр, уотæ нур дæр вакцинаци æй барвæндон æма лæвар. Укол искæнуни тухххæй бацæун гъæуй фæзуатон поликлиникæмæ, кенæ хе ниффинсун паддзахадон лæггæдти портали фæрци.

**Иристони зундгонд æхсæнадон æма политикон архайæг Тæболти Петри фурт Сергейи райгурдбæл 20 июни æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи (1946-1993).**




# ФИДИБÆСТÆ ЛÆГБÆЛ ЛÆГИ ИХÆСТÆ ÆВÆРУЙ!..

ЕЦИ ихæстæй еу æй, уой гъæуай кæнуни сæрбæлтау балæггадæ кæнун – æфсади рæнгъити æфсæддон ихæс банхæст кæнгæй. Е нæ адæми нæлгоймаг фæсевæдæн алкæддæр æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддаг адтæй æма син æнтæсгæ дæр кодта. Уотæ гъæуама уа абони дæр.

Уæхæн гъуди адтæй, æрæги нæ республики Хецауади урухгонд æмбурди ци дзубанди рацудæй, уоми. Æмбурдæн разамунд лæвардта Сергей Меняйло. Дзубанди ба си цудæй Уæрæсей Æфсади рæнгъитæмæ аци анзи уалдзигон фæдздзурди хæццæ баст фарстатæбæл: фæдздзурд æнхæстгæнæг рауæнтæ æнæмæнгæ гъæугæ мадзæлттæбæл куд рæвдзæ 'нцæ, уæдта исуйнаг æфсæддонтæ уордæмæ цæйбæрцæбæл разæнгардæй цæунцæ…

Æмбурди архайдтонцæ муниципалон искондти сæргълæугутæ, профилон министрадтæ æма ведомствитæ, уæдта барадæгъæуайгæнæг оргæнти æма тухи структурити разамонгутæ.

Сергей Меняйло æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй Хонсайраг æфсæддон зилди штаби нисангондмæ гæсгæ аци анз уалдзигон æрседти е 'фсæддон ихæс бафедунæн республикæ гъæуама рарвета 950 лæхъуæни. Абони бонмæ бал службæ кæнунмæ æфсæддон хæйттæмæ æрвист æрцудæй 265 адæймаги. Аци нимæдзæмæ гæсгæ уотæ уайуй, æма æфсади рæнгъитæмæ æнæмæнгæ цæугæ кæмæн æй, уонæй беретæ сæхе тиллеф кæнунцæ.

Уæхæн æведауцæ уавæри туххæй ба Сергей Меняйло уотæ загъта:

– Æ Райгурæн бæсти размæ е 'фсæддон ихæс исæнхæст кæнунæй æхе римæхсуй, зæгъгæ, бæлвурд уæхæн цаутæ кæд ес, уæд е амонуй фæсевæди æфсæддон-патриотон гъомбæладæ æмбæлгæ уагæбæл ке нæй, уой. Æвæдзи, хестæркъласонтæмæ аккаг цæстдард нæййес аци фарстай фæдбæл, бунæттон хеунаффæйади бæрнон косгутæ сæ ихæстæ, куд æнгъезуй, уотæ не 'нхæст кæнунцæ.

Æнæмæнгæ гъæуй фæсевæди патриотон гъомбæлади фарстамæ никки бæрнондæр цæстæй ракæсун æма имæ æхсæнадон организацитæн се 'ргом раздахун, седтонтæ æма сæ ниййергути хæццæ ба лæдæрунгæнæн куст фæккарздæр кæнун.

– Цæгат Иристонæй рацудæй берæ зундгонд æфсæддон разамонгутæ, – баханхæ кодта æ радзубандий Сергей Меняйло. – Æфсади службæ кæнун не 'мзæнхонтæн алкæддæр адтæй кадæ æма намуси хуасæ, æма се 'фсæддон ихæс алкæддæр æнхæст кодтонцæ цæсгонгинæй. Уомæй уæлдай, фæсевæдæн гъæуй балæдæрун кæнун, царди бæрзонддæр къæпхæнтæмæ исхезунæн син æфсади службæ устур агъаз ке уодзæнæй, уой дæр.

Æмбурди ма радзубанди кодта Хонсайраг æфсæддон зилди организацион управлений хецау Константин Запатоцкий. Æма е куд загъта, уотемæй æрседтон кампаний хуæздæр бæрæггæнæнтæ ес Мæздæги районмæ.

Нæуæг коронавируси хæццæ баст уавæр хумæтæг кæд нæ адтæй, уæддæр æрседтон пунктти евгъуд анз еугур санитарон домæнтæ дæр æнхæстгонд æрцудæнцæ.

– Уотæ уодзæнæй нур дæр. Ахсгиаг æй, æфсæддон æрседт аци анз дæр уæхæн бæрзонд æмвæзадæбæл куд рацæуа, уобæл бакосун, исæнхæст кæнун еугур эпидемиологон домæнтæ æма алли седтони æнæнездзийнадæ багъæуай кæнуни домæнтæ, – загъта радзубандигæнæг.

Æмбурди кæронбæттæни ма Сергей Меняйло еума хатт баханхæ кодта, æфсадмæ æрветуйнаг фæсевæди хæццæ куст куд цæуй, уомæ республики разамунд еудадзугдæр æ гъос ке дардзæнæй æма æфсæддон фæдздзурд æмбæлгæ уагæбæл рарветуни ихæс профилон ведомствити размæ ке æвæруй, уой.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма æфсадмæ уалдзигон фæдздзурд ке рахъæртдзæнæй аци анзи 15 июли уæнгæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# УÆДДÆР НÆ ЦИУАВÆР ÆФСАД ГЪÆУЙ: КОНТРАКТОН ÆВИ ФÆДЗДЗУРДОН?

Уæхæн фарста Уæрæсей Æфсади рæнгъитæмæ аци анзи уалдзигон фæдздзурди размæ фонд «Æхсæнадон цæстингас»-и æртасгутæ равардтонцæ алли кари уæрæсейæгтæмæ. Уонæн сæ фулдæр (52%) куд нимайунцæ, уотемæй нæ бæсти æфсад гъæуама æнхæстгонд цæуа фулдæр контрактниктæй кенæ ба айдагъдæр уонæй. Никки 28% ба уотæ гъуди кæнунцæ, æма гъæуама арæзт цæуа хæлæмулæ хузи, гъома, контрактниктæй дæр æма фæдздзурдонтæй дæр. Уотемæй ба æрфарст адæмæн сæ 59% æнæсеккæй арази 'нцæ уобæл, цæмæй æфсади рæнгъити е 'фсæддон ихæс бафеда алли æригон адæймаг дæр, 39% ба уой фарс æнцæ, цæмæй син уа равгæ равзарунæн. Æрфарст адæмæн сæ 67% уотæ гъуди кæнунцæ, æма æфсади фæууни рæстæг æй царди скъола. Уой нихмæ ба æнцæ 23%, уомæн æма еци рæстæг нимайунцæ дзæгъæли фесæфтбæл. Фиццаг гъудибæл хуæст æнцæ хестæр фæлтæрти минæвæрттæ, дуккагбæл ба – æригæнттæ æма уæлдæр ахургонддзийнадæ кæмæ ес, етæ.




## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Тъæпæн Дигорæй еу лæг æндæр гъæуккагæй балхæдта гъæмпи устур бæкъуæл. Уæйæгæнæг æхца æ дзиппи арф бафснайдта, уотемæй сæхемæ рафардæг æй.*

*Æлхæнæг ба еци гъæмпæй æ галдзонæгъи цанæбæрæг рацурхта, уотемæй ин… фæцæй. Цæветтонгæ, бæкъуæли медæгæ разиндтæй агъазиау айнæгдор. Еци тингунæй исмедæг æй уæйæгæнæги хæдзари.*

*– Мæнгард, фæливд!.. – мæстгунæй имæ дзоруй. – Ци мин бакустай?! Гъæмпæ дорбæл ци губуннезæн исдастай? Ме 'хца мин тагъд мæ къохмæ æрбанимайæ, кенæ ба дин…*

*– Гъе, æдули къоппа, ци æгæр æнæлæдæргæ дæ, – дзоруй еци æнцадæй уæйæгæнæг. – Аци анз уарунгун ке адтæй, е ди феронх æй? Инайæгæнæнти берæ рæстæг еци дор бæргæ минкъий адтæй, фал уомæл гъæмпи буни гъари ниннæрстæй, ниттупур æй. Дор дæр ирæзгæ кæнуй, дугусси, ирæзгæ… Мæн фуд си æгириддæр неци ес…*

***

Уæрæсей хумæтæг адæмбæл дæр еу æма дууæ хатти не 'рцудæй уæхæн сæйдтитæ. Е дин, Æфснайæн банк ци 'хцатæ ин бабарæ кодтан, уони нин, куд фæззæгъунцæ, еу бонбæл ку ранихъуардта æма нин нæ минти бæсти къапеккитæ ку равардта… Е дин, нæ пенсити фæффулдæр уни зæрдтæй ци æхцатæ равардтан паддзахадон æма æндæр фондтæмæ, æма нур кæми 'нцæ, магъа… Е дин… Уогæ сæ ци нимайæн еци аллихузон сæйдтитæ паддзахади 'рдигæй – уотемæй дæр сæ хуарз ку зонетæ…



**Андрей БЕЛОУСОВ, Уæрæсей Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг: «Металлургтæ нин «нæ ходтæ нæ цæститæбæл æруагътонцæ», – хатирæй мин уæхæн загъд, – паддзахадон капиталон байвæрæнти æма паддзахадон гъæуайкæнуйнади ихæслæвæрди 100 миллиард сомей бæрцæй».**

Гæрр, нæ хецауеуæггæнгутæн дæр æма паддзахади финансон æдасдзийнадæ гъæуай кæнунæй ихæсгин къабæзти разамонгутæн дæр сæ ходтæ сæ цæститæбæл уоййасæбæл æруагътонцæ æма 'й æгириддæр нæ уинунцæ, металлургтæ си ци 100 миллиард соми фæттиллеф кодтонцæ, уомæй зингæ-зингæ фулдæр миллиардтæ паддзахади хæзнадæнттæй суффут кæнунцæ нæ «арæхстгин» олигархтæ. Уоййасæбæл син æнтæсуй, æма нæ адæм нури фуддзамани мæгурæй-мæгурдæр кæнуй, етæ ба уæддæр гъæздугæй-гъæздугдæр кæнунцæ…



**Олег ДЕРИПАСКА, бизнесмен, – амалеуæгдарти архайди нисанеуæги туххæй: «Уæрæсей, æз æй уотæ нимайун, хуарз рæстæгутæ ралæудтæнцæ. Уомæ гæсгæ ба нæ бон исуодзæнæй уæрæсейаг цæргути деси бафтаун æма син фæййагъаз кæнун…»**

Æлдареуæггæнæг амалгъондартæ, адæмæн фæййагъаз кæнун – табуафси!.. Е арфиаг хуæрзагадæ 'й. Фал уæ евгъуд æноси 90-аг æнзтæй ба абони уæнгæ уомæ уоййасæбæл ку нæ евдæлуй, хумæтæг дзилли фулдæр дести æфтауетæ уæ æверхъаудзийнæдтæй. Æма ма нин уæд циуавæр фудмиути «дестæ» бавзарункæнуйнаг айтæ?



**Дмитрий РОГОЗИН, паддзахадон корпораци «Роскосмос»-и сæргълæууæг, Марсмæ фæттæхуни америкаг проект фаугæй: «Куд æнгъезуй 100 адæймаги, цума шпроттæ къала банки, уотæ космосон науи батъунсун 9 майи æмгъудæй?..»**

Дессаг е нæй. Дессаг е æй, æма Рогозинæн æхецæн куд æнтæсуй æ дæлбарæ корпораций æгæрон берæ адæм косгути рæуонæй батъунсун, пайда ба си неци ес. Космосмæ наутæ æрветуни бæрцæ минкъийдæр кæнуй. Космоси нæбæл фæрразæй æй еунæгæй архайæг Маск. Нæкæси, космосон наутæ аразæг РКК «Энергия»-й зæран 2020 анзи иссæй 5 миллиард сомемæй фулдæр. Рогозин ба, дан, гъавуй «Роскосмос»-и нæуæг штабквартирæ аразун, æ аргъ 25 миллиард соми. Гъе ба дин – шпротти шпроттæ еу космосон банки!..

*Сувæллæнтти республикон реабилитацион центр «Тæмискъ»-и къуæрей дæргъи цудæй сæ физикон равналæнтæ, сæхе барæ кæмæн нæ ‘нцæ, еци фæсевæди Цæгат Кавказаг форум «Æнæ арæнтæй». Нур фæндзæймаг анз арæзт цæуй республикон хуæрзауодæн фонд «Быть добру»-йи хъæппæресæй. Æма анзæй-анзмæ æ архайгути нимæдзæ кæнуй фулдæр.*








# ЗÆНХÆ КУД БАРÆВДАУÆЙ, УОТÆ ДÆ БАРÆВДАУДЗÆНÆЙ!..

Аци загъд нин кæд нæ рагфидтæлтæй байзадæй, уæддæр æности дæргъи æ рæстадæ æма зундгиндзийнадæ æгириддæр нæ нидæн кæнуй. Цийфæнди агъазиау нæуæгдзийнæдтæ ку фæззинна, уæддæр еци æнæййевгæй цардгъон æй сæйраг фæткæ: зæнхи реубæл тиллæги номбæл нæмуг ка ниггæлдза, еци адæймаг æй Хуцауи арфæ æма адæми хуарзæнхæй хайгин.

Æ къохти гъарæй, æ арæхстдзийнадæ æма уоди рохсæй цæуй нæ алке хæдзæрттæмæ дæр хуари æма фонси бæркад. Нæ республики хецауадæ, зæнхæй тиллæг ка есуй, нæ фонси фæффулдæрбæл ка архайуй, еци механизаторти, фермерти, хе хæдзарæдти хецæутти зин, фал арфиаг фæллойнæн алкæддæр аразта æмбæлгæ уавæртæ. Еци гъудигæнгутæмæ уæлдай лæмбунæгдæр æма бæлвурддæр æргом æздæхт цæуй фæстаг рæстæгути. Уомæн ирд æвдесæн иссæй, æрæги нæ республики ци агъазиау мадзал арæзт æрцудæй, е дæр.

Цæветтонгæ, евгъуд майрæнбони, 11 июни Кирови райони Елхотти гъæуи арæзт æрцудæй республикон специализацигонд гъæууонхæдзарадон равдист «Будур-2021». Архайдтонцæ си Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади, Гъæууон хæдзаради министради разамунд, республики районти бунæттон хеунаффæйади администрацити бæрнон косгутæ, паддзахадон æма хе фермерон хæдзарæдти, маргъдарæн фабрикити, æхсири æма дзолфицæн заводти разамунд æма косгутæ. Адтæй си архайгутæ æма иуазгутæ Хонсар Иристонæй, Кæсæг-Балхъарæй, Дагестанæй, Хъæрæсе-Черкессийæй æма Цæцæни республикитæй.

Гъæууонхæдзарадон равдист «Будур-2021» кадгин уавæри байгон кодтонцæ нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз** æма æ радзубандий загъта:

– Зæрдиагæй арфæ кæнун аци равдист исаразгутæн, иуазгутæн. Нæ бæсти регионти æма нæ республики социалон-экономикон ирæзтмæ аккаг æвæрæн ке хæссетæ, уой туххæй уи алкедæр арфи аккаг æй. Уæ фæллойни æма æнтæстити фæрци нæ бæстæ цох нæй базарадон продукттæй, ирæзунцæ гъæууон хæдзарадæ æма экономики алли къабæзтæ. Уæ фæрци æнтæстгинæй царди уагъд цæунцæ гъæууон хæдзаради ирæзти паддзахадон программитæ. Мæ цæстæ уин уарзуй нæуæг кустадон æма коммерцион æнтæститæ.

Гъæууонхæдзарадон равдист «Будур-2021» фиццаг хатт арæзт æрцудæй дууæ анзей размæ. Аци анз си архайдтонцæ гъæууонхæдзарадон товаруадзгутæ нæхе республикæ æма синхаг регионтæй. Уомæй уæлдай ма си фæууинæн адтæй тауæн, хумгæнæн, гъæуонхæдзарадон культуритæ аллихузон зианхæссæг цæрæгойтæй гъæуайгæнæн хуастæй пурфгæнæн, фонсдарунади къабази кустади нуриккон техникæ æма трактортæ.

– Аци трактори нисан æй, фиццагидæр, гъæууонхæдзарадон ирæзтбæл архайæг паддзахадон æма хе кустуæттæ, фабрикитæ, заводти æма аллихузи фермерон хæдзарæдти разамунд æма специалистти ’хсæн гъуддаги бастдзийнадæ фæффедардæр кæнун æма сæ кæрæдзей кустадон фæлтæрддзийнади хæццæ хуæздæр базонгæ кæнун. Айдагъдæр нæ республики фермерон æма гъæуонхæдзарадон продукциуадзæг кустуæттæй аци равдисти архайдта 47 кустуати. Ци техникæ си адтæй, уомæн ба æ еу хай байзадæй нæ республики æма си пайда кæнæн паддзахадон æма хе хæдзарæдти.

Равдист-армукъай архайгутæ бозæй байзадæнцæ аци зæрдæмæдзæугæ мадзалæй. Уой туххæй сæ гъудитæ загътонцæ:

**Сæлбити Беллæ**, æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Кироваг дзолфицæн завод»-и директор:

– Дзолфицæн завод «Кироваг» алкæддæр фæййархайуй равдисти. Косун ба райдæдта 1975 анзи. Мæнæуи æма дуккаг сорти, уæдта, æндæр инсæдтæй конд дзолтæй уæлдай фицæн адгин гултæ, фæткъугунтæ. Мæнæуи инсадæй ци дзол фицæн, уой уарзунцæ æма æхцæуæнæй æлхæнунцæ айдагъ нæ районинæ, фал ма Дзæуæгигъæуи цæргутæ дæр. Фал нæ заводæй сахари тукæнттæмæ тæвдæй ке нæ бахъæртунцæ, уой туххæй бунæттон тукæнттæ фæййесунцæ дзол æма дзоли продукттæ Дзæуæгигъæуи паддзахадон æма хе дзолфицæн заводтæй. Еци хузи равдиститæ ба хъæбæр гъæунцæ мах, гъæуонхæдзарадон товаруадзгути. Æ исаразгутæн æхцæуæнæй арфæ кæнæн.

**Миндзайти Альбинæ**, хуæрзмуггаг маргъдарæн фабрикæ «Михайловскаг»-и директори хуæдæййевæг:

– Аци равдист-армукъай алли хатт дæр фæййархайæн. Нæ кустуат ци маргъи фид æма айки продукттæ уадзуй, етæ ’нцæ экологион æгъдауæй кæдзос. Нæ продукци нин æхцæуæнæй фелхæнунцæ айдагъ нæ республики цæргутæ нæ, фал ма синхаг регионти дæр. Дзæуæгигъæуи æма районти нæ фабрикæн ес æхе тукæнттæ. Нæхецæй нин нæ продукци ка фелхæнуй, еци фæлхасгæнгутæн æй уæйæ кæнæн тукæнтти аргъæй дæс процентти минкъийдæрæй. Уомæй уæлдай ма айкæ æма карки фидæй æфсадæн нæ республики сæйгæдæнттæ æма рæвдауæндæнттæ.











Къартæ исиста Татьянæ ШЕХОДАНОВА.

# ÆГÆРОН УАРЗТÆЙ УАРЗТА Æ ФИДИБÆСТÆ, РÆСТУОДÆЙ ИН ЛÆГГАДÆ КОДТА...



Нæ интеллигенций номдзуддæр минæвæрттæй еу адтæй æфсæддон, историк, ахургæнæг, адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнæг ТЕМУРХЪАНТИ Сослан (æ аргъуди ном – Вано). Е райгурдæй 1881 анзи Мæздæги Темурхъанти Гаврили æма Гæбути Екатерини хæдзари, зæнхкосæг бийнонти ’хсæн. Сослан адтæй æхсæз сувæллоней хестæр. Æрдзæй зæрдæргъæвд биццеу фиццаг райста хæдзарон ахурадæ. Уой фæсте каст фæцæй реалон скъолай æхсæз къласи. 1901 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Тифлиси юнкерти училищемæ. 1904 анзи майи ахур фæцæй, райста подпоручикки цин, уотемæй æй рарвистонцæ Георгиевски резервон батальонмæ.

1904-1905 æнзти уруссаг-япойнаг тугъд ку райдæдта, уæд æригон афицер ракурдта, цæмæй æй рарвистайуонцæ Нæуæггермайнаг 10-аг фестæгæфсæддон полкмæ æма тохæг æфсади раззаг рæнгъити фæцæй сауæнгæ тугъди кæронмæ. Сослан æ лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй. Тугъди фæсте, Иристонмæ исæздæхгæй, архайдта 1905-1907 æнзти революцион змæлди. Уой фæсте Сослан фæстæмæ рандæ ‘й æ полкмæ Тулæмæ. Революцион змæлдбæл арази ке адтæй, уой зæгъæн ес, Сослани радзурд «Минас» бакæсгæй. 1908 анзи ин исаккаг кодтонцæ поручикки цин. 1910 анзи иссæй штабс-капитан. Фиццаг дуйнеуон тугъди райдайæни æй рарвистонцæ 9-аг Кавказаг фестæгæфсæддон полкмæ. Тох кодта турккæгти нихмæ, уой фæсте архайдта австрийаг-гермайнаг тугъди. 1914 анзи ин исаккаг кодтонцæ капитани цин, 1915 анзи ба – дæлболкъони цин. Еци тугъди дæр бабæй Сослан равдиста устур æвзугъддзийнадæ æма лæгдзийнадæ, æма ‘й исхуарзæнхгин кодтонцæ Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни орденæй æма сæрмагонд нисани хæццæ æхсаргардæй.

Сослани хуæрæ Саши имисуйнæгтæмæ гæсгæ, е ’нсувæр идарддæр службæ кодта Мæздæги, Батуми, Одесси, Львови, Кисловодски æма æндæр рауæнти. Райдæдта медтугъд. 1918 анзи кæрони Терки облæстмæ бампурстонцæ Деникини æфсæдтæ. 1919 анзи 11 феврали Сурх Æфсад ниууагъта сахар Дзæуæгигъæу. Темурхъанти Сослан нæ бакумдта Деникини æфсади службæ кæнун, рандæ ‘й Дагестанмæ æма уоми куста Хуæнхон хецауади. Фæстæдæр æй рарвистонцæ Дуккаг ирон батальонмæ, службæ кодта сахар Минеральные Водый. Бархеуонти æфсад ку раздахтæй, уæд Сослан фæстæмæ æрцудæй Дзæуæгигъæумæ æма косун райдæдта Хуæнхон Наркомпроси. Æ ихæс адтæй уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ киунугутæ тæлмац кæнун. Хъæбæр хуарз зудта ирон æвзаг. Бакуста дууæ мæйи. Дзæуæгигъæумæ Сурх Æфсад ку æрбаздахтæй, æма раздæри афицерти æхсун ку райдæдтонцæ, уæд Сослан рандæ ‘й хонхмæ æма уоми æмбурд кодта этнографион æрмæг.

Сосланæн федар бастдзийнæдтæ адтæй Ирон историон-филологон æхсæнади хæццæ. Æ кизгæ Людмили æнæфæуд кандидатон диссертаций финст адтæй уæхæн дзурдтæ: «Ахсгиаг куст конд æрцудæй адæмон исфæлдистади уадзимистæ бамбурд кæнунбæл. Æхсæнадæ Иристони гъæутæмæ æрвиста æ активондæр косгути, ирон æвзаг æма æ адæми евгъуд цард хуæздæр ка зудта æма уарзта, уони (Гарданти Михал, Темурхъанти Сослан, Æмбалти Цоцко, Туйгъанти Михал æма иннети). Еци рæстæги раззагдæр интеллигенций минæвæрттæ Дзагурти Губади, Дзанайти Иван, Бекойти Г. æма æндæртæ хуарз зудтонцæ Темурхъанти Ваной (Сослани). Æлборти Барисбий ба адтæй æ хуарз æрдхуард æма ин устур аргъ кодта æ арф зонундзийнæдтæн».

1921 анзи Советон хецауадæ амнисти ку раседтæй, уæд Темурхъанти Сослан æрбаздахтæй Дзæуæгигъæумæ. Косун райдæдта Иристони ахуради хайади ЛИТО-ий. Адтæй финсгути æма тæлмацгæнгути хайади иуонг. ЛИТО æхгæд ку ‘рцудæй, уæд Сослан куста Адæмон рохсади комиссаради Хуæнхон типографий ирон æвзаги корректорæй. 1923 анзи Хуæнхон ОГПУ-ий унаффæй Сосланæн Дзæуæгигъæуи цæрун æма косуни барæ нæбал адтæй. Мæздæгмæ цæунвæндæ искодта, æма ин Ирон историон-филологон æхсæнадæ бабарæ кодта, цæмæй æртасун райдайа ирзонæн фарстатæ – Мæздæги æма Кубани цæрæг ирæнтти туххæй аллихузон бæрæггæнæнтæ æмбурд кæнун (сæ цæрæнбунæттæ, цæргути нимæдзæ, культурон уавæр, ахурадæ), уæдта ма адæмон исфæлдистадæ финсун. Еци ахсгиаг ихæс Сослан исæнхæст кодта зæрдиагæй.

Фæстæдæр Сослан цæрæнбунатæн равзурста сахар Кисловодск. Ами дæр зæрдæмæдзæугæ куст не ’ссирдта. Сослан уарзта Иристон, фæндадтæй æй Иристони цæрун, косун, ирон адæмæн хуарзи цæун. Фал ин æвардтонцæ цæлхдортæ. Фæстагмæ разиндтæй уæхæн адæймæгутæ, советон хецауади нихмæ архайунбæл æй ка ардудта. Нæ син бакумдта, ирон адæм Советон хецаудзийнади фарс æнцæ, æма мæ адæми нихмæ куд рацæуон, зæгъгæ, син равардта цæхгæрмæ дзуапп.

Дзæуæгигъæуи цæруни барæ ин нæуæгæй равардтонцæ 1925 анзи 25 январи. Еци анз феврали балæвардта курдиадæ ЕК(б)П-ий облæстон комитетмæ, Советон хецауади национ политики хæццæ арази ке æй, æма ‘й ке фæндуй косун Иристони хуарздзийнадæн. 27 феврали Сослан райдæдта косун ирон æвзаги ахургæнæгæй Ирон педагогон техникуми, Æфсæнвæндаги скъолай æма Ирон педагогон институти рабфаки. Е 'нæзæрдихудт кусти туххæй 1925 анзи финста газет «Власть труда». Фал бабæй ин Советон хецаудзийнади нихмæ архайгутæ райдæдтонцæ æ цард змæнтун, циуавæрдæр Базали ин æ къох бафинсун кодта цидæр мæнгæ гæгъæдибæл.

1925 анзи мартъий Темурхъанти Сослани æрахæстонцæ, контрреволюцион куст кæнуй, зæгъгæ, рæуонæй. Бæргæ ма финста ахæстдонæй, цæмæй æй фæйййервæзун кæнонцæ, æ адæмæн лæгъузæй ке некæд неци ракодта. Фал игъосæг нæ фæцæй, рæстзæрдæ, æвудæй æфхуæрд лæгмæ. Аст мæйемæй фулдæр фæббадтæй ахæстдони æнæ тæрхонæй. Иристони облæсти Адæмон ахуради хайадæй фæйййагъази туххæй ма уæхæн гæгъæди дæр бæргæ æрбарвистонцæ:

*«Настоящим Северо-Осетинский Областной ОНО удостоверяет, что гр. Темирханов Сослан известен в осетинской литературе, как автор истории осетинского народа на осетинском языке, собиратель памятников народного творчества Осетии и переводчик на осетинский язык. Гражданин Темирханов известен кроме того, как хороший знаток осетинского языка. До своего ареста гр. Темирханов Сослан занимал должность преподавателя осетинского языка. Исходя из изложенного Северо-Осетинский Областной ОНО полагает, что он и в дальнейшем может быть полезным осетинской переводческой литературе.*

*Зав. Сев. Осет. Обл. ОНО Дзагуров.*

*Секретарь Джанаев».*

Фал байрæги æй. Сослани гъуддагмæ кастæнцæ Ростови, æма ин ОГПУ рахаста маруни тæрхон. Фехстонцæ ‘й 1925 анзи 11 декабри. Паддзахади номæй архайæг æверхъау фудгæнгутæ раскъудтонцæ нæ Иристони разагъди лæгтæй еуей цард – нæ адæми знæгтæ сау ингæни хай бакодтонцæ дессаги хæларзæрдæ, искурдиадæгин, цæстуарзон, цардбæллон адæймаги.

Цæйбæрцæ ма ин бантæстайдæ исаразун нæ адæми истори, æ уодварни ратæдзæнтæ æртасуни гъуддаги, æхсæнадон æма культурон царди! Уæззау адтæй æ хъисмæт, фал патриоти цардвæндаг лигъз некæд фæуй. Цал æма цал трагикон хъисмæти æнцæ уомæн æвдесæн: райгурæн Иристонæн æ цард ка не 'вгъау кодта, етæ мард æрцудæнцæ знаги къохæй.

Темурхъанти Сослан исфæлдистадон куст кæнун райдæдта 1900 анзи, 19-анздзудæй. Æ фельетонтæ æма радзурдтæ (иронау финст) мухургонд цудæнцæ газет «Ног цард»-и. 1907 анзи фæстаг мæйити ин «Ног цард»-и рацудæй колониалон системи нихмæ финст радзурдтæ æма таурæхътæ «Минас», «Ирæд», «Ног хъалон», «Сæрдыгон уарын», «Залкалм», «Зындон сног и», «Уастырджи æма сау барæг», «Иу таурæгъ нæ цардæй». Адтæй газет «Кермен»-и уацхæссæг дæр. Ами рацудæй æ радзурд «Фæллой». Дзубанди си цæуй æрдзæмæ хæдзардзин цæстæй кæсун ке гъæуй, уой туххæй. Уруссагау ин мухурæй рацудæй историон очерк «Осетины».

Фиццаг хатт иронау Иристони историй туххæй финст æрцудæй æма Дзæуæгигъæуи Габисати типографий мухурæй рацудæй 1913 анзи. Киунугæ «Ирон истори»-й автор æй Темурхъанти Сослан. Кæд æй цензурæ фæццубуртæ кодта, уæддæр махæн æй устур ахсгиаг æма хъазар куст. Автор си равдиста нæ адæми евгъуд догтæ, сауæнгæ сæ равзурдæй фæстæмæ, сæ фиццагдæр райгурæн бæсти куд цардæнцæ, Кавкази куд фæззиндтæнцæ, куд ниппурхæ 'нцæ Европи, сæ културæ лæборгути хæццæ тугъдтити хауæццаг куд кодта.

Темурхъанти Сослан адтæй Иристони фурт. Æгæрон уарзтæй уарзта æ Райгурæн бæстæ, æ фидтæлти зæнхæ, æ адæми, æ маддæлон æвзаг. Сагъæс кодта нæ адæмбæл, нæ култури исонибонбæл. Адæм сæ маддæлон æвзаг ку нæ зононцæ, уæд нацийæн ирæзæн нæййес – уотæ нимадта Темурхъанти Сослан. Еци фарста махæн кæддæриддæр æй ахсгиаг.

**Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта АБАЙТИ Марк.**



Аци циртдзæвæн ТЕМУРХЪАНТИ Сосланæн æвæрд æрцудæй Мæздæги.

*Ес еу уæхæн рагон таурæхъ. Цæветтонгæ, хелагæн æ къæдзелæ æ сæри хæццæ хъаугъа кæнун байдæдтонцæ, разæй си ка гъæуама цæуа, уой фæдбæл. Сæр загъта: «Дæуæн разæй цæугæ нæй, нæ дæбæл цæститæ ес, нæ ба гъостæ». Уæд къæдзелæ уотæ: «Гъо, фал мæнмæ ба хъаурæ ес, æма дæ размæ æсхуайун.*



# ОС-БÆГЪАТÆР

**Темурхъанти Сослани исфæлдистадон куститæй абони мухур кæнæн еу – æ историон очерк «Ос-Бæгъатæр». Лæдæрд æй, цæбæл си цæуй дзубанди, уонæй кæцидæртæ нуриккон историон науки æртасæнтæмæ гæсгæ цæмæйдæрти дзурдтаг разиндзæнæнцæ. Фал нимайун гъæуй уой дæр, æма аци очерк кæд финст æрцудæй æма Темурхъани-фуртæн уой ниффинсунæн æрмæгутæй пайда кæнунæн цæйбæрцæбæл æвадуат адтæнцæ æ равгитæ. Уой хæццæ ба ма уой дæр зæгъун гъæуй æма, цийфæнди ку уа, уæддæр аци очеркæн ес агъазиау историон-этнографион ахедундзийнадæ.**

АДТÆЙ кæддæр Ирæн дæр сæхе паддзахадæ, æ арæнтæ идæрдтæбæл кæмæн цудæнцæ, Карталини будуртæй сауæнгæ устур Донмæ. Берæ адтæнцæ уæд Ир сæхуæдтæ дæр æма сæ есбойнадæ дæр, хебарæй æдæрсгæ цардæнцæ парахаттæй.

Ирæмæ уæд адтæй æфсæнцъух æфсад, е 'хсарæ устур кæмæн адтæй, æ бæгъатæрдзийнади кой дуйнетæбæл кæмæн игъустæй. Знæгтæ Ирмæ хæстæгдæр не 'ндиудтонцæ, ирæн ба сæхе лæгъузтæ – фезмæлун дæр. Æма Ир сæ куст æдæрсгæй кодтонцæ, сæ фæллойнæ знæгти къохи не 'фтудæй, æма сæ есбойнадæ фулдæргæнгæ цудæй.

Еудзурдæй, ирон паддзахадæ уæд равардта æ адæмæн фадуат, хебарæй æдæрсгæ цæрун, æдасæй фæллойнæ кæнун, æма уой фæрци ирæн æнтæстæй берæ, сæ хъаурæ хъæбæр устур адтæй. Æма Ир уæд цитгин адтæнцæ адæмти цæсти, кадæй-радæй сæ еугурдæр уидтонцæ, сæ лимæндзийнадæ син агурдтонцæ тухгиндæр дзиллитæ.

Гурдзий усæ-паддзах Тамарæ 1189 анзи лæгмæ æрцудæй Давид-Сосланмæ, ирон паддзахи фурт ка 'дтæй æма уæдта ирон паддзах ка иссæй. Æнæгъæнæ Гурдзий æхецæй ахургонддæр æма бæгъатæрдæр лæг нæ адтæй, æма 'й Гурдзи кадæ-радæй имонау кодтонцæ.

Еци дзамани Гурдзий аллирдигæй гъезæмарæ кодтонцæ е 'знæгтæ, æма Давид-Сослан, æ уоси зæрдæ æлхæнгæй, Гурдзий тухxæй нæбал аурста æхебæл дæр æма ирбæл дæр, гурдзиаг æфсæдти раздзæуæгæй ниллæудтæй æма е 'знæгти басаста, Гурдзибæл нæуæг зæнхитæ бафтудта, æ арæнтæ ин берæ æндæдæр рахаста, истухгин æй кодта.

Гурдзий паддзахи гъуддæгутæ кæнгæй, Давид-Сослан Ири паддзахади кой нæбал кодта, æма æ уоси фæндæбæл рацæугæй, Хонсар Иристони бæстæ Гурдзибæл бафтудта, еузагъдæй, Хонсар Иристон гурдзиаг æлдæртти барæ бакодта.

Æма ирон паддзахадæ Хонсар Иристони бæстæй ку фæффудевгед æй, уæд æ хæрзти æма иннæ хе фæддаруни гъуддæгутæ æнæгъæнæй æрæнцадæнцæ Цæгат Иристонбæл, æма фæцæй фиццагæй дууæ хатти фулдæр уæзи буни. Е ба син уоййасæбæл зин адтæй, æма ирон паддзахадæ ихæлун райдæдта, уомæн æма æ фæццæруни фагæ мулк æма уой æфсади фагæ фæсевæд раттун Цæгат Иристони бон нæ адтæй. Никки ма Гурдзий паддзахадæ архайдта ирон паддзахади 'хсарæ басæттунбæл, цæмæй е Гурдзийæй фæстæмæ ма ратона Хонсар Иристони бæстæ. Еци фæндæ æнхæст кæнгæй, Гурдзий паддзахадæ архайдта Цæгат Иристони медастæу кæрæдзебæл ахъелæн миутæ  аразунбæл, æма ин æцæгæйдæр бантæстæй ирон паддзахадæ исæзмæнтун…

### ИРИ ДЗИЛЛÆ ГЪÆДДУХÆЙ ЗНÆГТÆН НИХКЪУÆРД ЛÆВАРДТОНЦÆ

Гурдзиаг æлдæрттæ ирæнттæн уæд сæхе фæрци æрбафтудæнцæ Цæгат Иристони бæстæмæ дæр, еуæй-еу рауæнти федар галауантæ райаразтонцæ, æма уони медæгæ, æдасæй бадгæй, Цæгат Иристонбæл дæр хецауеуæг кæнун байдæдтонцæ, се 'хсарæ син æрсастонцæ.

Уотемæй Хонсар Иристон æма Цæгат Иристони еу хай бафтудæнцæ гурдзиаг æлдæртти къохи, æма ирон паддзахади хъаурæ басастæй. Еци хузæнæй ирæнтти æрбаййæфтонцæ тæтæр – XII æноси адæмти пурхæгæнгæй, Азийæй Европæмæ ка 'рбампурста.

Тæтæр уой размæ басастонцæ Азий устурдæр æма хъаурæгиндæр дзиллити æма байстонцæ Китайи, Турани, Ирани æма Фæскавкази паддзахæдтæ, уæдта се 'фсæдтæ Цæгат Кавказмæ дæр æрбампурстонцæ æма будуйраг Ири ниппурхæ кодтонцæ, аллирдæмæ 'й ниххæлеу кодтонцæ.

Уой фæсте устур Дони иннæ фарсмæ рахизтæнцæ æма, сæ нихмæ ка ниллæудтæй, еци уруссаг æфсæдти ниццагътонцæ, уæдта хорискæсæн æрдæмæ фæззилдæнцæ æма Туранмæ раздахтæнцæ. Фал æртиндæс анзей фæсте тæтæр нæуæгæй æрбампурстонцæ Европæмæ, Уæрæсей басастонцæ, хъалон ибæл исæвардтонцæ æма Итили (Волги) будуртæ байахæстонцæ, уæдта еци рауæнæй Ирмæ бабæй нæуæгæй æрбампурстонцæ, хъалон ибæл исæвардтонцæ, фал хуæнхаг Ир басæттун нæ бафæразтонцæ.

Æртинсæй анзи нæ бауагътонцæ хуæнхаг Ир сæ хуæнхбæстæмæ тæтæри: уордæмæ сæмæ тæтæр ку æмпурсиуонцæ, уæд сæ хонхмæ басайиуонцæ æма сæ уоми ниццæгъдиуонцæ. Еуæй-еу хатт сæхуæдтæ дæр рампурсиуонцæ будурмæ, балæбориуонцæ тæтæрмæ, сæ фонс син ратæриуонцæ.

Тæтæри хан Менгъле-Темир 1277 анзи æрæмбурд кодта устур æфсад Ир басæттунмæ, е 'мварс ма Ири нихмæ ралæудтæнцæ  Гурдзий паддзах æма уруси къниазтæй æртæсæдæ æд æфсæдтæ. Тæтæр, урус æма гурдзи æмдухæй исхуæстæнцæ ири хæццæ, басастонцæ сæ, сæ паддзахи сахар син байстонцæ, фехалдтонцæ 'й, æ устур хæзнатæ ин еугурæй дæр рахастонцæ.

### ЕЦИ ФУДДЗАМАНИ ИРИ ХУАРЗÆН ФÆЗЗИНДТÆЙ ÆХСАРГИН ФÆТÆГ

Уой фæсте хуæнхаг Ир дæр басастæнцæ æма тæтæри ханæн хъалон федун байдæдтонцæ. Еци хъалон ка нæ фиста æнхæстæй афойнадæбæл, уони æфхуæрунмæ хан æрвиста е 'фсæдти. Фал æмпурст адæмти цардиуагæ нæ ихалдæй. Уомæ гæсгæ  гурдзиаг æлдæрттæ, сæ бунæтти бадгæй, Иристони байзадæнцæ æма син етæ дæр сæ фæллойнæ æввонгæй хуардтонцæ.

Уотемæй XII æноси бабун æй ирон паддзахадæ, Ир се 'знæгти къахи буни бафтудæнцæ, сæ берæ есбонадæ фесавдæй, сæ хъаурæ басастæй. Никки ма гурдзиаг æма тæтæйраг æлдареуæггæнгутæ ирæнтти кæрæдзебæл ардудтонцæ, цæмæй фæккæрæдземæ уонцæ, æма сæ бон ма уа æмдухæй истохун уæгъдебарæ исуни тухxæй.

Гъе уæди уавæрти æ нифсæй иннети дæр ма нифсгундæр ка кодта, æ дзубандитæй иннети дæр ма рæстæрдæмæ ка аразта, уони ахæстонцæ æма мардтонцæ æлдареуæггæнгутæ, цæмæй, уой уингæй, алкедæр æхецæн тæрса æма бухса æфхуæрдæн. Æма æцæгæйдæр уæхæнттæ иссæнцæ Ир: сæ цард син ка ихалдта, æгадæмæ сæ ка тардта, уонæмæ исдзорун дæр нæбал æндиудтонцæ, кæрæдзебæл ба сæ маст калдтонцæ, сæхуæдтæ сæхе къохæй сæ тухæ састонцæ æма бустæги æдзæллаг ниццæнцæ.

Еци фуддзамани Уæллагири фæззиндтæй Ос-Бæгъатæр, Ири адæм се 'знæгти нихмæ истох кæнунмæ ка исиcтун кодта, æма нæуæгæй ирон паддзахадæ ка исаразта. Ос-Бæгъатæр е 'нсувæрти хæццæ Гурдзий исирæзтæй æма фæххайгин æй уони ахургонддзийнадæй. Æвæдзи, сæ фидæ, тæтæрæй æ сæр ервæзун кæнгæй, фæллигъдæй Уæллагирæй Гурдзимæ æд бийнонтæ.

### ИРИ ФÆТÆГ Е 'НСУВÆРТИ ХÆЦЦÆ АРХАЙДТА Æ АДÆМИ ХУАРЗÆН

Гурдзиаг æма тæтæйраг æлдареуæггæнгутæ Ир исæфтмæ куд тардтонцæ, уой уингæй, Ос-Бæгъатæрмæ бацудæй æ адæми сагъæс æма исфæндæ кодта ирон адæми се 'знæгти нихмæ исистун кæнун, цæмæй уони къохæй фæййервæзун кæнонцæ сæхе æма æдæрсгæ хебарæй цæронцæ. Уой тухxæй ба Ир æмзæрдиуон искæнун гъудæй, цæмæй сæмæ сæ кæрæдземæй  фæззинна нифс æма æдæрсгæ ралæууонцæ æ хæццæ хъазауати тохмæ. Фал знаги цæстæй кæрæдземæ кæсгæй, Ир кæрæдзей исафтонцæ, нæбал лæдæрдтæнцæ, цæй фæрци æма куд сæттунцæ знæгтæ Ири тухæ. Æма син уой балæдæрун кæнун гъудæй, уой ба æргомæй амонунæн амал нæ адтæй, уомæн æма уой амонгути æлдареуæггæнгутæ ахæсгæ æма маргæ кодтонцæ. Æма, æ фæндæн мадзæлттæ агоргæй, Ос-Бæгъатæр балæдæрдтæй, саугинтæн æма моладзантæн ке ес фæрæзнæ. Киристей номæй æнсувæрдзийнадæ амонгæй, Ири æмзæрдиуон искæнун, уомæн æма динамонгути æлдареуæггæнгутæ нæ хъор кодтонцæ, динамонуни барæ син лæвардтонцæ.

Ос-Бæгъатæр уой балæдæрун кодта е 'нсувæртæй æртемæн – Исахъæн, Раманæн æма Басилæн, цæмæй моладзантæ исуонцæ æма, Киристей номæй æнсувæрдзийнадæ амонгæй, Ири æмзæрдиуон кæнонцæ. Етæ Ос-Бæгъатæри фæндæ сæ зæрдæмæ хæстæг райстонцæ æма сæхе иснивонд кодтонцæ Ири тухxæй, се 'ртæ дæр моладзантæ иссæнцæ æма, Киристей номæй æнсувæрдзийнадæ амонгæй, æмзæрдиуон кодтонцæ ирон адæми. Сæ фæрци тоггинтæ бафедудтонцæ, знаги цæстæй кæрæдземæ ка кастæй, етæ æнсувæрти хузæн иссæнцæ, кæрæдзебæл хуæцун байдæдтонцæ. Уотемæй Ири  бацудæй нифс æма сæ бафæндадтæй хебарæй цæрун, æгадæ сæмæ æркастæй еске æлдареуæггадæдзийнадæн  фæразун, сæ сæр сæрмæ хæссун байдæдтонцæ, фиццаги хузæн æгадæмæ сæхе нæбал уагътонцæ, æфхуæрдæн нæбал бухстæнцæ æма сæ гурдзиаг æлдæртти нихмæ исистадæнцæ.

Тæтæри хан уæд Гурдзимæ знæт адтæй æма Ири нæ бахъор кодта, уæдта ма сæ гурдзиæгтæбæл ардаугæ дæр кодта. Фал Ирæн æнцон нæ адтæй тох кæнун сæ гурдзиаг æлдæртти нихмæ, федар галауанти ка бадтæй æма Гурд-

**Номдзуд поэт, революционер Багъæрати Хъурмани фурт Созури райгурдбæл 18 июни исæнхæст æй æртиндæс æма æхсæзинсæй анзи (1888-1928).**

*Ку мæ бафæндæуа, уæд бæласи зæнгæбæл мæхе æртохдзæнæн, æма ду дæ бунатæй змæлгæ дæр нæбал фæккæндзæнæ!» Сæр ин дзуапп равардта: «Кæд дæ уотæ фæндуй, уæд рахецæн уæн!» Къæдзелæ сæрæй æхе ратудта æма размæ бурунбæл фæцæй. Æвеппайди зæнхи скъуди ниххаудтæй æма бабун æй...»*





***Иристони устур кадæ кæнунцæ Аланти паддзахади фæстаг паддзах Ос-Бæгъатæрæн. Фæстаг рæстæг ба дзубанди цæуй уобæл, цæмæй ин æвæрд æрцæуа циртдзæвæн. Аллихузи фæндитæ равзурдæй адæммæ æма уой фæдбæл арæзт æрцудæй равдист-конкурс эскизон проекттæн. Æвддæс хузæгæнæги æма скульптори бацæттæ кодтонцæ еу æма инсæй эскизи. Конкурс исаразтонцæ Цæгат Иристон-Аланий хузæгæнгути еугонд, истори æма археологий институт, уæдта кустуат «ДальЛес» (Мæскуйæй). Æркасти архайдтонцæ исфæлдистадон æма зонадон интеллигенци, æхсæнадон архайгутæ.***

***Дууæ къуæрей дæргъи конкурсон къамис равзардзæнæй хуæздæр проект æма исбæлвурд кæндзæнæй уæлахездзауи ном. Уой фæсте, унаффæмæ гæсгæ Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи æвæрд æрцæудзæнæй циртдзæвæн Ос-Бæгъатæрæн. Уотемæй æностæмæ цæрдзæнæй нæ адæми астæу Аланти еудзийнадæ, сæребарæ æма уæгъдебарæбæл ка тох кодта, еци паддзахи ном. Уадзæ æма ‘й кæстæр фæлтæртæ зононцæ, цæхуæн рагфидтæлтæ нин адтæй, уой.***

зий паддзахадæ агъаз кæмæн кодта. Уæддæр сæ æмдухæй басастонцæ Ир, сæ галауантæ син ниппурхæ кодтонцæ, сæхе дæр син ратардтонцæ, уæдта Карталини будуртæмæ бампурстонцæ æма Гури федар байахæстонцæ, сæхебæл æй æрфедар кодтонцæ. Еци устур тохи еугур Ирæй хъæбæрдæр рабæрæг æй Ос-Бæгъатæр, æма е ’хсари фæрци Ири фæтæг иссæй.

Гури федар Ири къохтæй ратонунмæ гъавгæй, Гурдзий паддзахадæ æ тухæ æнæгъæнæй дæр Ирмæ исаразта. Сæ хæццæ устур тох исамадта, фал æй Ир сæхуæдтæ басастонцæ, Карталини æма Триалети бæстæ дæр ма æнæгъæнæй байахæстонцæ. Еци тугъди туххæй гурдзиаг финсгутæ ци ниффистонцæ, уонæй куд зиннуй, уотемæй 1291 анзи Ир Карталинмæ бампурстонцæ æма Гурдзийæй байстонцæ Гури федар. Карталини æлдæртти сæр – Амада – æрæмбурд кодта æфсæдтæ, бампурстонцæ Гури федармæ, фал æй ирæй байсун нæ бафæразтонцæ. Уой фæсте Гурдзи æма Ир бафедудтонцæ, фал бабæй уæдта фæббуцæу æнцæ, нæуæгæй бабæй истох кодтонцæ, æма 1296 анзи, Вирхел, зæгъгæ, номдзуд æлдар, гурдзиаг æфсæдти хæццæ æрбадтæй Гури федари алфамбулай, уой гъæуайгæнæг Ири хæццæ æртæ анзи фæттох кодта æма сæ уæддæр басаста.

Еци рæстæги Ир сæхуæдтæ дæр æмпурстонцæ Калакмæ, райстонцæ ’й, фал æй уæдта рагæлстонцæ.

Калакмæ бампурсæг ирон æфсæдти фæтæг Береджан хундтæй, æма ин æцæгæлæнттæй фæййагъаз æнцæ Сатхис æма Узурабек.

Æвæдзи, Сахтис сомехаг адтæй, Узурабек ба фæскавказон тæтæйраг, æма надамонæг адтайуонцæ. 1299 анзи Ос-Бæгъатæр хъæбæр æлхъевун байдæдта гурдзиаг æфсæдти, æма уæд æргом æ фарс ралæудтæнцæ тæтæри æфсæдти фæтæг Хутлу-Сах-Нойн æма еу гурдзиаг æлдар Салва-Квена-Флавел, берæ зæнхæ æма берæ адæм ке къохи адтæнцæ, паддзахи хузæн æ бæстæн æлдареуæг ка кодта.

Уой фæсте Ос-Бæгъатæр байахæста Карталини æма Триалети бæстæ æнæгъæнæй дæр, гурдзиаг æлдæртти æма уони фарсхуæцæг азнаурти еци рауæнæй фæссурдта.

Гурдзий паддзах Давид VI æрæмбурд ма кодта Калаки 15 мин æфсæддони кæми адтæй, уæхæн æфсад, ралæудтæй сæ хæццæ Ири фарсхуæцæг тæтæйраг æфсæдтæбæл æма сæ ниппурхæ кодта, фал уой фæсте дæр Ирæн æ бон неци иссæй. Е нæ, фал Ос-Бæгъатæр байста Гурдзийæй Рами федар.

Карталини æма Триалети бæстæ Ири къохи ку бафтудæнцæ, уæд Кура-дони билæбæл Джерети коми Ос-Бæгъатæр исаразун кодта устур федар, цæмæй Ир хъæбæрдæр æрфедар уонцæ фæсхонхи. Уой фæсте Ос-Бæгъатæр е ’фсæдти хæццæ рахизтæй фæсхонхæй цæгатмæ, исистун кодта Цæгат Иристони тæтæри нихмæ æма сæ фæййервæзун кодта уони къохæй, уæдта Цæгат æма Хонсар Иристон байеу кодта, нæуæгæй ирон паддзахадæ исаразта.

## ИРИ НАМУСГИН ФÆТÆГИ ДОГÆ АДТÆЙ ТÆККÆ АМОНДГУНДÆР НÆ АДÆМÆН

Устур дессаг æй, урус æма берæ æндæр адæмтæ уæд кæмæй ризтæнцæ, еци тæтæр Ос-Бæгъатæри басæттун ке нæ бафæразта. Ос-Бæгъатæр син, æвæдзи, се ’фсæдти хонхи наргутæмæ сайдта æма цагъта, уæдта сæ Ири будуртæй дæр ратардта, хъæбæр сæ фæттæрсун кодта, æма уой фæсте æ хæццæ истох кæнунмæ сæ нифс нæбал бахастонцæ.

Ос-Бæгъатæри ирон ном Алгъуз хундтæй æма «Ири цитгин Алгъуз, Ири æскъуæлхт лæг Ос-Бæгъатæр», зæгъгæ, кадгин ном ин равардтонцæ гурдзиæгтæ. Нузали рагон аргъауæни гурдзиагау финст ци кадæнгæ æфснайд адтæй «Алгъузиани», зæгъгæ, уоми дæр, æвæдзи, Алгъуз-Ос-Бæгъатæри кой цæуй.

«Алгъузиани» Алгъузи хонуй ирон паддзах, устур тох ка фæккодта Ири хъоргæнæг синхæгти хæццæ æма Кæсæги, Кистини, Цæцæни, Хъалмухъи ка басаста, ирон паддзахади арæнтæ идæрдтæбæл ка рахаста, сауæнгæ денгизмæ.

Нузали рагон аргъауæни фарсбæл Ос-Бæгъатæри туххæй ци финст адтæй гурдзиагау, е куд зæгъуй, уотемæй Ос-Бæгъатæр тох кодта цуппар паддзахадей хæццæ æма басаста Кавкази адæмти, æрсабур сæ кодта. Еудзурдæй, секкаг нæй, «Алгъузиани» ке кой кæнуй, еци Алгъуз ке ’й Алгъуз-Ос-Бæгъатæр, уой.

Ос-Бæгъатæри туххæй Уæллагири ци таурæхъæ байзадæй, уонæй куд зиннуй, уотемæй Ос-Бæгъатæр æ рамæлæти уæнгæ устур хъазауатæй фæттох кодта Ири знæгти нихмæ, тох кодта Абхази хæццæ дæр, Имератти хæццæ дæр æма си байста еу устур галауан – Хедис-Къари, Оны Калакæй дæлдæр Риони дони билæбæл ка лæудтæй нарæг коми.

Ос-Бæгъатæри койгæнæг Уæллагири таурæхъæ ма зæгъунцæ: Гурдзий хæццæ тох кæнгæй, Ос-Бæгъатæри къохи бафтудæй Гурдзий паддзахи хуæрæ æма ’й æхецæн уосæн ракурдта. Гурдзий паддзах исфæндæ кодта хийнæй рацæун Ос-Бæгъатæрбæл æма ’й, куд æ сиахси, уотæ исхудта Мцхетмæ, – æрцо æма бафедауæн, мæ хуæри дæр дæ хæццæ æркæнæ æма уин киндзæхсæвæр исаразон, зæгъгæ. Уотемæй Ос-Бæгъатæри æхебæл бауæндун кодта, æма еу къуар æфсæддоней хæццæ Ос-Бæгъатæр рараст æй Мцхетмæ. Мцхетмæ ку бахæстæг æй, уæд æй Арагуй донбæл бахезун гъудæй, хед кæми нæййес, уæхæн рауæн. Арагуй иннæ фарс лæудтæй Гурдзий паддзах æд æфсæдтæ гæрзефтонгæй. Ос-Бæгъатæр æнгъæл адтæй, Гурдзий паддзах ин кадæ кæнуй æма æуууæнкæй е ’фсæддонти разæй бацудæй Арагуй дони, æма дони хæццæ тох кæнгæй, цæугæдони иннæ билæмæ куд рацудæй, уотæ ’й æнæнгъæлти фатæй ниццавта Гурдзий паддзах, рамардта ’й, æма Ос-Бæгъатæри дон фæлласта.

Гурдзий паддзахмæ устур хундмæ цæугæй, Ос-Бæгъатæр æ хæццæ куд нæ райстайдæ æ цæдесæмбæлтти, е ’фсади раздзæугути æма етæ дæр æ хæццæ фесавдæнцæ. Уотемæй ирон æфсæдтæ се ’скъуæлхт фæтæгæй æма сæ бæгъатæр раздзæугутæй фæффудевгед æнцæ, æнæ аразæгæй æма æнæ унаффæй ихæлдмæ цудæнцæ, се ’хсарæ басастæй, æма бабæй знæгтæ фæууæлахез æнцæ Ирбæл. Хонсар Иристони бæстæ Гурдзий паддзахадæ байста æма ’й нæуæгæй æлдæртти барæ бакодта, Цæгат Иристони ба тæтæри хан басаста æма сæбæл хъалон исæвардта.

Уой фæсте тæтæри хан æма гурдзиаг æлдæрттæ хорх кæнун байдæдтонцæ Ири, сæ хъаурæ син æнæгъæнæй басастонцæ. Мадта тæтæри ханадæ ку фехалдæй, гурдзиаг паддзахадæ ку искунæг æй, уæддæр сæ фур æдзæллагæй Ир нæ базудтонцæ хе паддзахадæ исаразун, хебарæй цард иссерун, æма сæбæл кæсæг дæр ма уæлахез фæцæнцæ, Цæгат Кавкази сонгун зæнхæ будуртæй сæ батардтонцæ хонхмæ.

Ос-Бæгъатæри туххæй Нузали рагон аргъауæни фарсбæл гурдзиагау уæхæн финст адтæй: «Мах адтан фараст æнсувæри… Ос-Бæгъатæр æма Давид-Сослан, цуппар паддзахадей хæццæ ка тох кодта, Федар, Джадар, Сохъур æма Джеор, сæ устур хъазауатæй ка резун кодта знæгти, етæ. Ме ’нсувæртæй æртæ – Исахъ, Раман æма Басил, киристон динамонæг адтæнцæ. Мах гъæуай кæнæн нарæг æрбацæуæнтæ цуппарæрдигæй. Къасарай нин ес галауан. Æруагæс ми кæнуй, уодæн мæлæт ке нæййес, æма аци дуйнебæл æдæрсгæй цæрун. Сугъзæрийнæгин æма мæмæ æвзестæгин зæнхитæ донæй ахиддæр æнцæ, Кавкази æрсабур кодтон, цуппар паддзахадей хæццæ тох кодтон, Гурдзий паддзахи хуæри раскъафтон, æма мæбæл паддзах хийнæй рацудæй, рамардта мæ, донæн мæ фæлласун кодта, æма ирон æфсад бабун æнцæ. Ай ка бакæса, е мин рохсаг зæгъæд...»

Аци финст ма æргом кæнуй, Ос-Бæгъатæри доги Ир сæ хуæнхти хурфæй хæзнатæ къахун ке зудтонцæ æма уой фæрци сæ къохи берæ хæзна ке 'фтудæй, уой. Ир уæд устур рæсугъд азгъунститæ амайун ке зудтонцæ, æма сæ алли аййев дзаумæуттæй ке фæлгонц кодтонцæ, е ба бæрæг æй «Алгъузиани»-йæй.

Еудзурдæй, финст хабæрттæй æма Уæллагири таурæхъæй куд зиннуй, уотемæй Ос-Бæгъатæри рæстæг амондгун догæ адтæй Ирæн, æма син уæд бантæстæй се ’знæгти дæр басæттун, сæ есбон дæр исахид кæнун, æма уой фæрци уæд æдæрсгæй, хебарæй æма æнæгъæуагæй цардæнцæ, æнтæстæй син берæ æма сæ гъуддæгутæй равдистонцæ, ирон уоди хъауритæ устур ке ’нцæ æма Ирæн сæ бон ке ’й, байеу уогæй, устур гъуддæгутæ бакæнун.

***Мартъи, 1922 анз,***
***Дзæуæгигъæу.***

**ССР Цæдеси Адæмон Комиссарти Совет 1944 анзи 21 июни рахаста унаффæ Нахимовон æфсæддон-денгизон училищетæ исаразуни туххæй. Уони ахедундзийнадæ агъазиау иссæй ирæзгæ фæлтæрти æфсæддон-патриотон гъомбæлади гъуддаги.**

***Цæгат Иристони адæмон поэт ДЗАСОХТИ Музафер: «Адæймаги райгурд цийнæдзийнадæ ‘й. Æ номбæл кувдтитæ, авдæнбæттæнтæ æма кæхцитæ дæр уомæн фæккæнунцæ. Ку рамæлуй, уæдта æ хæццæ цæстисугтæ фæххæссуй. Æгæрон фæууй æ хеуæнтти, зонгити гъигæ. Фал, цума, адæймаг мæлгæ ку нæ кæнидæ, уæд куд уайдæ, уобæл ахид рагъуди кæнæн?..»***



# ЦИРТДЗÆВÆН – НАМУСГИН ТУГЪДОНÆН

ЕВГЪУД къуæрей кæрони олгинскæгтæ æримистонцæ, Фиццаг дуйнеуон тугъди устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ка равдиста æма Георгий цуппар дзиуари ка райста, уой, Хадихъати Елизари фурт Виссариони (Бези) рохс ном.

Муггаги хъæппæресæй Георгий цуппар дзиуари райсæгæн æ райгурæн гъæуи культури Хæдзари тургъи æвæрд æрцудæй бюст. Æ байгон кæнуни фæдбæл кадгин æмбурд амудта Хадихъати Руслан – муггаги совети сæрдар.

Бæгъатæри цард æма тохи нæдтæбæл лæмбунæг дзубанди ракодта Хуæнхон паддзахадон аграрон университети ахургæнæг Хадихъати Артур. Е куд байамудта, уотемæй Безмæ 1911 анзи 28 олгинскагемæ фæсседтæнцæ æфсæддон службæмæ сахар Армавирмæ, Ирон бæхгин дивизионмæ. Еци дивизион зундгонд адтæй, æма, Хуæнхон-Терки бæхгин полкки архайгæй, 1877-1878 æнзти уруссаг-туркаг тугъди Болгари æма Турки зæнхæбæл тугъдтити ке равдиста устур бæгъатæрдзийнадæ.

Уруссаг-туркаг тугъди фæсте еци дивизион ниххæлеу кодтонцæ, фал бабæй нæуæгæй арæзт æрцудæй 1914 анзи. Фиццаг дуйнеуон тугъди райдайæни, 1915 анзи Никъалай II бардзурдмæ гæсгæ дивизионæй арæзт æрцудæй полк, æма æ нимæдзæ исхъæрдтæй 977 бæхгин æфсæддонæй уæнгæ. Еци рæстæгмæ Хадихъати Виссарион иссæй Георгий цуппар дзиуари кавалер. Æ хæццæ ма службæ кодта æма устур бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ Сокати Константин, Гугкати Бади, Малити Мишæ.

Уæрæсей революци ку райдæдта, еци рæстæг ирон полк бахъæрдтæй польшаг сахар Станисловмæ. Рæстæгмæ хецауадæ полк æрбакодта Уæрæсемæ революцион змæлд ниссабур кæнунмæ. Фал ирæнттæ нæ бакумдтонцæ Петроградмæ косгути нихмæ тохунмæ рандæ ун æма сæ хæдзæрттæмæ раздахтæнцæ.

1917-1920 анзи Без разамунд лæвардта бандитти нихмæ тохгæнæг къуарæн æма гъæуай кодта уонæй Олгинскæ æма Бæтæхъойгъæу. Виссарион идарддæр службæ кодта Сурх Æфсади, сахар Армавири фæсевæди ахур кодта бæхгин æфсæддон скъолай сосæгдзийнæдтæбæл. 1929 анзи Таджикистани тох кодта советон хецауади нихмæ арæзт къуæртти хæццæ.

Советон Уæрæсей политикон уавæр еци рæстæг хъæбæр вазуггин адтæй. Паддзахи æфсади æхе сæрæнæй ка æвдиста, хуæрзеугутæ кæмæ адтæй, уонæмæ дардтонцæ æнæууæнкæ цæстингас. Æма 1933 анзи Виссарион, æ бийнойнаг Надеждæ, сæ сувæллæнттæ Раисæ æма Владимири хæццæ æрвист æрцудæнцæ Казахстанмæ.

Рамардæй Без 1940 анзи æма нигæд æй Олгинскийи. Фиццаг дуйнеуон тугъди рæстæг æма уой фæсте дæр ци номдзуд тугъдонтæ æма тохи разамонгутæ рацудæй, уони тухххæй бæлвурд дзубанди ракодта историон наукити кандидат, доцент Фидарати Олег.

Æмбурди радзурдтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий национ рахастдзийнæдти фарстати фæдбæл министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Цуцити Аслан æма иннæ кадгин иуазгутæ.

Кæронбæттæни муггаги хестæр Хадихъати Мæирбег æма Цæгат Кавкази суворовон æфсæддон училищей æртиккаг кърсци ахурдзау, Хадихъати хуæрифурт Хестанти Алан кадгин уавæри байгон кодтонцæ Хадихъати Виссариони (Бези) циртдзæвæн.

# ЗИНГИСЕРВÆЗТИ ФУДÆЙ

Арти хæццæ æнæргъуди архайд, уой хæццæ – тамаку думун, ахиддæр æнцæ зингисервæзти анхосæгтæ, кæцитæми фæззиан унцæ адæм.

Нуриккон дуйней адæм кæмидæриддæр думунцæ: хæдзари, кусти, хеерхæфсæн бунæтти æма æндæр рауæнти. Ахид содзгæ сирник æма тамаку ниггæлдзунцæ: бугъти къоппи размæ, къæрæзгитæ æма балкъонтæй, газонтæмæ.

Тамаку нидæн сугъд кæнуй сахатти ’рдæг, æ тæвдæ фæууй 310-320 градуси. Æнæ рахуссун кæнгæй, тамаку ку рагæлдзай, уæд æ бон æй, ци æрмæгбæл æрхаудтæй, уой иссодзун кæнун. Тамаку ескæд бæргæ рахусдзæнæй, фал æ фæсте расайдзæнæй зингисервæзт.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн:

– уæ гъос даретæ, цæмæй сирниктæ æма тамакутæ сувæллæнтти къохтæмæ ма бахауонцæ;

– æ зинг кæмæн ниххустæй, еци тамакутæ дæр гæгъæдити хæццæ æма артаги æрмæгути хæццæ бугъти къоппитæмæ гæлдзæн нæййес, иссодзунæй син тæссаг æй;

– хуссæни тамаку думун не ’нгъезуй, никки ба ма ниуæзтгунæй, уотемæй æнцонтæй бафунæй удзæнæ æма содзгæ тамаку нæ рахуссун кæндзæнæ, уæледарæс æма си гъæдин дзаумау иссоддздзæнæнцæ;

– æртхотæгдони бæсти гæгъæдитæй дзæкъолæ кенæ къоппитæй пайда кæнун не ’нгъезуй;

– къæрæзгитæ æма балкъонтæй, асинтти шахтитæмæ содзгæ тамакутæ гæлдзун не ’нгъезуй;

– зингисервæзти игурæнтæ медæмæ цæмæй ма бахауонцæ, уой тухххæй фæтерæй рацæуни агъоммæ, къæрæзгитæ æма дуар гъæуй исæхгæнун.

Цæмæй кусти кенæ хæдзари зингисервæзт ма ‘рцæуа, уой тухххæй тамаку думуни рæстæг æдасдзийнади домæнтæ гъæуй æнхæст кæнун. Куддæр зингисервæзти фиццаг æууæлтæ балæдæрайтæ (сугъди тæф, хъуæцæ), уотæ уайтæккæ телефонæй бадзоретæ зингисервæзти нихмæ тохгæнæг службæмæ, æ номер «01» кенæ «101»-мæ къохти хæсгæ телефонæй. Цалинмæ служби косгутæ хъæртонцæ, уæдмæ бал адæми æндæмæ рахонунбæл байархайетæ, арт хуссун кæнунмæ бавналетæ, уо къохи ци мадзæлттæ ес, уонæй. Уæхе æдасдзийнадæ уи ма иронх кæнæд.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн: тамаку думуни рæстæг ци æбæрнондзийнадæ равдесайтæ, е уин уæ цард фæццубур кæндзæнæй.

***Æнæнгъæлти уавæрти министради цæгат-иристойнаг сæйраг управлений цæстдарди архайди службæ.***

## НОМЕРÆН



Къостанти бийнонтæ арфæ кæнунцæ хæстæгутæн, синхæнттæн, зонгитæн, нæ хъазар **КЪОСТАНТИСÆБАНТИ Мæдинæ Сослани кизгæ** æ уæлзæнхон царддæй ку рахецæн æй, уæд еци уæззау гъуддаги фæдбæл нæ фарсмæ ка æрбалæудтæй æма нæ зиндзийнадæбæл ка бахъонц кодта, уонæн сæ еугуремæн дæр. Æма игъосун кæнæн, æ рамæлæти бони фæдбæл анзи кæндæ удзæнæй **19 июни Дигори районы Мостиздæхи гъæуи, Ленини гъæунги, 46-аг хæдзари**.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ.
(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.

Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1329.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 17.06.2021.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.

Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.
Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.